



Pou Piblikasyon Imedya: 17/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE OVÈTI ISTORIK 100ÈM DISPENSÈ KANABIS POU ITILIZASYON ADIL FIZIK LA

110 detayan kanabis pou itilizasyon adilt ouvri epi y ap fonksyone nan Eta New York

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Eta New York te atenn yon etap enpòtan nan devlope endistri kanabis legal la ak gran ouvèti 100èm magazen fizik Dispensè pou Vann an Detay pou Itilizasyon Adilt Kondisyonèl (Conditional Adult Use Retail Dispensary, CAURD), Big Gas ki sitiye nan New Paltz, NY. Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management, OCM) la ansanm ak pwopriyetè Big Gas yo, Kareem Haynesworth ak Zymia Lewis pou gran ouvèti dispansè pou lavant piblik yo.

"Eta New York kontinye fè pwogrè nan kanpe yon endistri kanabis ki an sekirite ak legal pou pwopriyetè biznis yo, kiltivatè yo ak rezidan yo atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a make yon etap enpòtan istorik nan etabli yon endistri k ap pwospere ak ekitab nan eta nou an ak 100èm ouvèti magazen fizik la."

New York gen kounye a 110 detayan kanabis pou itilizasyon adilt (ki gen ladan lokal vitrin magazen ak lokal livrezon tanporè sèlman (temporary delivery-only, TDO)) ki ouvè epi opere atravè Eta a, ak plis yo prevwa k ap ouvri byento. Detayan sa yo reprezante yon melanj divès de moun ki gen lisans Dispensè Yo Vann an Detay Kondisyonèl pou Adilt (CAURD) ki gen devan magazen, moun ki gen lisans CAURD k ap bay sèvis livrezon, ak dispansè pou adilt ki chita ansanm ak dispansè medikal ki egziste deja. Kwasans endistri kanabis la nan New York reflète chif lavant an detay k ap grandi rapidman, ak lavant total ki depase 237 milyon dola. Espesyalman, 77 milyon dola nan lavant sa yo te pwodwi nan de premye mwa edmi 2024, sa ki endike yon mache k ap pwospere.

Pandan premye ane operasyon li an, Eta a depase objektif Ekite Sosyal ak Ekonomik (SEE) ki tabli nan Lwa Kanabis a lè li bay 60 pousan lisans pou aplikan ekite ekonomik ak sosyal yo. Nan gwoup sa a, 40 pousan se biznis ki posede pa minorite ak 40 pousan se biznis ki posede pa fanm, respektivman.

Eta prèske double tou pousantaj dispansè majorite minoritè yo posede nan tout peyi a. Apati avril 2024, 37 pousan nan dispansè NY pou itilizasyon adilt yo se majorite

minoritè yo ki posede yo; nan tout peyi a sèlman 19 pousan se majorite minoritè yo ki posede yo. Menm jan an tou, 11 pousan nan dispansè NY pou itilizasyon adilt yo te posede an majorite pa Nwa, alòske nasyon nan an se 2 pousan. Apeprè 50 pousan nan dispansè ki ouvri New York yo se Biznis ki Posede pa Minorite ak/oswa Fanm, sa ki montre angajman eta a genyen pou enklizivite ak aksè.

Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis la, Chris Alexander, te deklare, "Nou ekstrèmman fyè de lisans nou yo atravè Eta New York ki te travay avèk dilijans pou travèse sèy sa a. Selebrasyon jodi a nan Big Gas fè pati non sèlman ekip la ki te ouvri pòt yo nan biznis pou kliyan ki gen anvè jodi a, men nan chak moun ki gen lisans ki ap konstwi mache sa a soti nan semans rive nan vann. Li rezonnen angajman nou pou katalize kwasans, ankouraje divèsite, ak defann ekite nan sektè kanabis la. Etap sa a enkòpore efò infatigabnou yo pou refòme peyizaj endistri a ak souliye detèminasyon nou pou pouse limit pwogrè yo. Sipòte pa Fon Envestisman pou Ekite Sosyal nan Kanabis New York la (New York Cannabis Social Equity Investment Fund), nou fyè pou pwogrè nou epi nou pwomèt pou nou pèsiste nan pouswit enklizivite ak avansman Mache Kanabis New York la."

Majistra Vilaj New Paltz la, Tim Rogers te deklare, "Nou kontan pou nou vin yon kominote akèy nan pwogram Dispansè Yo Vann an Detay Kondisyonèl pou Adilt Eta New York la. Inisyativ sa a te pèmèt eta a 1) investi nan yon fon prive pou sipòte moun ki afekte nan aplikasyon lwa inegalite lwa kanabis ak 2) pwoteje sekirite piblik ak kanabis ki soti nan Eta New York, ki reglemante epi ki teste."

Pwopriyetè Biz Gas yo, Zymia Lewis ak Kareem Haynsworth, te deklare, "Big Gas fyè pou li premye dispansè kanabis ki gen lisans nan Vil New Paltz. Nou isit la avèk sipò Fon Envestisman Kanabis Eta New York, ki te mennen nou nan gwo lokal sa a. Sa a depase rèv ki pi sovaj nou yo."

Lavetta Willis, Direktè Jeneral Antrepriz ki gen Enpak sou Ekite Sosyal pou Patnè Jeneral Fon an (Fund's General Partner Social Equity Impact Ventures, LLC), te deklare, "Nou fyè anpil pou nou kapab sipòte moun ki te afekte nan aplikasyon enjis lwa kanabis yo epi ede yo pwospere nan endistri k ap emèje sa a. Aksè nivle tèren jwèt la. Nou kontan anpil pou Zymia Lewis ak Kareem Haynesworth epi nou swete yo anpil siksè. Nou eksprime rekonesans sensè nou anvè Gouvènè Hochul paske li te trase wout la ak pave chemen an nan yon sektè ekitab sosyalman ki ankouraje enklizivite ak opòtinite egal pou tout moun."

Ko-posede pa de antreprenè ki gen eksperyans Zymia Lewis ak Kareem Haynesworth, lokal sa a dènyèman te fè tranzisyon soti nan yon sit livrezon tanporè sèlman (TDO) an yon dispansè an detay fizik pou pi byen sèvi Nouyòkè lokal yo k ap achte pwodwi kanabis legal, ki teste, epi ki pi an sekirite. Haynesworth se yon moun ki enplike nan jistis epi dispansè a ap sipòte pa Fon Envestisman pou Ekite Sosyal nan Kanabis New York la. Apre konferans pou laprès la, Big Gas ouvè pòt li pou lavant bay piblik la, ofri yon seri divès kalite pwodwi kanabis ki grandi ak transfòme nan Eta New York bay konsomatè adilt yo. Lidè kominotè ak moun ki gen enterè yo te patisipe nan evènman

an ki te reyini pou sipòte adisyon enpòtan sa a nan sektè kanabis k ap grandi nan New York la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)